

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Anvigè an 2025

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Règ Pwogram Ekonomi Medicare (s. 71101)	Atravè Pwogram Ekonomi Medicare (MSPs), pwogram Medicaid Florid la kouvri sèten depans pou moun ki kalifye pou Medicare, tankou prim yo ak depans pataje.. Gade DCF SSI-Related Medicaid Fact Sheet la nan paj 17. Sant pou Medicare ak Medicaid (CMS) te pibliye yon règ final ki rele “Streamlining Medicaid: Medicare Savings Program Eligibility Determination and Enrollment” nan dat 21 septanm 2023. Règ sa a chanje kèk pwosesis enskripsyon MSP epi li bay dwa otomatik MSP pou benefisyè Medicare ki kalifye yo, san yo pa bezwen fè yon aplikasyon separe. Li egzijje tout eta yo pou sèvi ak enfòmasyon sou Sibvansyon pou Revni Ba Medicare Pati D (LIS) pou detèmine kalifikasyon MSP.	Sa entèdi Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) pou li aplike, administre, oswa fè respekte dispozisyon règ sa a ki pa t ko antre an vigè 4 jiyè 2025. Entèdiksyon sa a, ki an vigè jiska 30 septanm 2034, aplike pou dispozisyon règ sa yo: • Klarifye ki lè pwoteksyon QMB a kòmanse pa rapò ak dwa pou Medicare Pati A. 42 C.F.R. § 406.21(c)(5). • Aliyen definisyon gwosè fanmi ak règ pou konte revni ant Sibvansyon pou Revni Ba (LIS) ak Pwogram Ekonomi Medicare (MSP). 42 CFR § 435.601(e). • Fè respekte egzijans ki deja egziste pou eta yo sèvi ak done aplikasyon Sibvansyon pou Revni Ba (LIS) kòm yon aplikasyon pou MSP. 42 C.F.R. §§ 435.4; 435.911(e). • Pèmèt deklarasyon sou lonè pou enfòmasyon sou revni ak byen, ki gen ladan lajan antèman ak asirans lavi. 42 CFR § 435.952(e). H.R. 1 pa entèdi eta yo aplike dispozisyon sa yo; li sèlman entèdi CMS aplike yo. Florid te aplike chanjman sou change to MSP “family size” nan mwa janvyè 2024. Antre an vigè depi lwa a adopte (4 jiyè 2025).

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)		
Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Règ sou Kalifikasyon ak Enskripsyon pou Medicaid ak CHIP (s. 71102)	CMS te pibliye yon règ final ki gen tit “Medicaid Program; Streamlining the Medicaid, Children’s Health Insurance Program, and Basic Health Program Application, Eligibility Determination, Enrollment, and Renewal Processes” nan dat 2 avril 2024. Règ sa a senplifye pwosesis kalifikasyon ak enskripsyon pou Medicaid, Pwogram Asirans Sante Timoun Leta (CHIP), ak Pwogram Sante Debaz (BHP).	Sa entèdi Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) pou li aplike, administre, oswa fè respekte dispozisyon règ sa a ki pa t ko antre an vigè 4 jiyè 2025. Entèdiksyon sa a, ki an vigè jiska 30 septanm 2034, aplike pou dispozisyon règ sa yo: - Aliyen egzijans enskripsyon pou moun ki pa anba MAGI ak politik MAGI yo. 42 C.F.R. §§ 435.907(d), 435.916 - Amelyore kowòdinasyon ant Medicaid, CHIP, ak lòt fòm pwoteksyon asirans. 42 C.F.R. §§ 435.1200. - Mete limit sou prim ak depans pataje, selon chwa eta a, pou moun ki poko gen 19, 20, oswa 21 an. 42 C.F.R. §§ 447.56(a)(1)(v). - Kontinye bay enskripsyon menm apre yo fèmen enskripsyon. 42 C.F.R. § 457.1140(d)(4). - Amelyore pwosesis Medicaid ak CHIP yo pou mete ajou enfòmasyon adrès. 42 C.F.R. §§ 435.919, 457.344. - Etabli egzijans ak delè pou aji sou chanjman nan sityasyon moun yo. 42 C.F.R. §§ 435.919, 457.344, 457.960. - Etabli egzijans san delè pou ajans yo aji sou aplikasyon, renouvèlman, ak chanjman nan sityasyon, ansanm ak delè rezonab pou reponn moun ki enskri yo. 42 C.F.R. §§ 435.907(d), 435.912, 457.1170. - Revize egzijans ak pwosesis ajans leta yo dwe swiv lè yon eta resevwa enfòmasyon serye sou yon chanjman nan sityasyon ki ka afekte kalifikasyon. 42 C.F.R. § 435.911(c). - Egzije pou bay avi ekri rapid lè gen refi kalifikasyon, lè yo pa pran yon desizyon kalifikasyon alè, oswa lè gen sispansyon oswa fen enskripsyon. Avi a dwe gen rezon desizyon an ak dwa pou mande revizyon desizyon an. 42 C.F.R. § H.R. 1 pa entèdi eta yo aplike dispozisyon sa yo; li sèlman entèdi CMS aplike yo. Anvigè (4 jiyè 2025).
Règ sou Estanda Federal pou Anplwaye nan Enstalasyon Swen Alontèm(s. 71111)	Nan mwa me 2024, CMS te pibliye yon règ final ki gen tit “Medicare and Medicaid Programs; Minimum Staffing Standards for Long-Term Care Facilities and Medicaid Institutional Payment Transparency Reporting” , pou etabli etanda minimòm pou anplwaye sant swen alontèm ki patisipe nan Medicare ak Medicaid.	Li entèdi Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) mete an aplikasyon, administre, oswa fè respekte règ la an antye, ki gen ladan: - Nouvo definisyon “èdtan pa rezidan pa jou” (HPRD), ki se kantite total èdtan anplwaye ki kalifye yo travay, divize pa kantite total rezidan yo, jan CMS kalkile li. 42 C.F.R. § 483.5. - Egzijans minimòm pou pèsònèl enfimye a, ki se 3.48 èdtan pa rezidan pa jou. 42 C.F.R. § 483.35(b)(1). - Egzijans pou mezon retrèt ak sant swen enfimye yo gen yon enfimye anrejistre sou plas 24 sou 24, sèt (7) jou pa semèn, epi ki disponib pou bay swen dirèk bay rezidan yo. 42 C.F.R. § 483.35(c). Entèdiksyon sa a an vigè jiska 30 septanm 2034. Li vin efikas depi lè lwa a adopte (4 jiyè 2025).(Nòt: Règ sa a te anile an avril 2025 pa Tribinal Distri Nò Texas la nan dosye American Health Care Ass’n kont Kennedy. Okòmansman, Sekretè HHS Kennedy te fè apèl kont desizyon sa a, men pita li te mande pou anile apèl la. Tribinal la te akòde demann sa a. Kidonk, li pa sanble posib pou règ sa a antre an aplikasyon, menm apre moratwa ki nan seksyon sa a fini an 2034.)

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Entèdi peman federal bay antite ki bay sèvis planifikasyon fanmi, sante repwodiktif, ak avòtman (S. 71113)	An jeneral, eta yo dwe pèmèt moun ki enskri yo resevwa sèvis nan men nenpòt founisè ki patisipe nan Medicaid epi ki dispoze bay sèvis. Gade, pa egzanp, Fla. Admin. Code R. 59G-1.050(5). Moun ki enskri nan Medicaid yo ka resevwa sèvis planifikasyon fanmi nan men founisè Medicaid yo chwazi. Daprè Amanman Hyde la, fon Medicaid pa ka itilize pou peye avòtman, sòf nan ka vyòl, ensès, oswa lè lavi yon fanm an danje.	Li entèdi depans Medicaid federal pou nenpòt sèvis ki bay pa “antite entèdi” pandan yon (1) ane, apati dat lwa a antre an vigè. “Antite entèdi” yo gen ladan yo nenpòt òganizasyon Seksyon 501(c)(3) ki se founisè kominotè esansyèl, jan sa defini nan lwa a (sa enkli afilye yo, filyal yo, siksesè yo, ak klinik yo), ki bay sèvis planifikasyon fanmi, sante repwodiktif ak lòt swen medikal ki gen rapò, ansanm ak sèvis avòtman (eksepte sa Amanman Hyde la pèmèt), epi ki te resevwa ranbousman Medicaid federal ak leta ki depase 800 milyon dola pandan Ane Fiskal 2023. Nan Florid, twa (3) founisè swen sante satisfè definisyon “antite entèdi” a, kidonk yo pa ka resevwa ranbousman Medicaid ankò pou sèvis sante. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 oktòb 2025, paj 27. Anvigè (4 jiyè 2025). (Nòt: Aplikasyon Seksyon 71113 nan H.R. 1 te sispann tanporèman pa Tribinal Distri Etazini pou Massachusetts nan dosye Planned Parenthood of America, Inc. v. Kennedy dapre desizyon ki date 21 jiyè 2025 ak 28 jiyè 2025. Depi 11 septanm 2025, desizyon sa yo sou sispansyon pandan gouvènman federal la fè apèl devan Tribinal Apèl Premye Sikwi a. Kidonk, seksyon sa a aktyèlman an vigè.)
Taks sou founisè (S. 71115)	Yon taks sou founisè se yon frè, evalyasyon, oswa yon lòt peman obligatwa ki gen rapò ak swen sante, kote omwen 85 pousan chay revni taks la tonbe sou founisè swen sante yo. 42 U.S.C. § 1396b(w)(3)(A). Eta yo gen dwa pwoteje founisè yo kont pèt, sa vle di, garanti yo resevwa lajan an retou pou taks ki pa depase 6% oswa mwens nan revni founisè yo ki soti nan pasyan yo. Nan Florid, yo sèvi ak revni ki sòti nan taks sou founisè swen sante pou ede finanse pati leta a nan depans Medicaid yo. Gade, pa egzanp, Fla. Stat. § 409.9082 (evalyasyon kay retrèt / mezon retrèt); Fla. Stat. § 395.701 (evalyasyon lopital); Fla. Stat. § 409.9083 (evalyasyon etablisman swen entèmedyè).	Li entèdi eta ki pa elaji Medicaid yo, tankou Florid, ogmante pousantaj taks sou founisè ki deja egziste yo oswa elaji baz taks la pou mete nouvo klas founisè oswa nouvo kalite sèvis kote taks la pa t aplike anvan. Lwa a kenbe limit 6% pwoteksyon kont pèt la sou taks founisè ki aplikab pou etablisman swen enfimye ak etablisman swen entèmedyè ki te an vigè 4 jiyè 2025. Li desann limit “pwoteksyon kont pèt” la a zewo pou nouvo taks. Dispozisyon sa a pa gen okenn enpak sou taks founisè Florid ki deja egziste yo, men li entèdi Florid mete taks sou founisè nan nouvo klas founisè. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 oktòb 2025, paj 7. Anvigè 4 jiyè 2025.

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Peman ki Dirije pa Leta (s. 71116)	Peman Medicaid leta se peman siplemantè yo bay founisè swen sante yo anba kontra òganizasyon swen jere (Managed Care Organizations – MCO). Gade, pa egzanp, Fla. Stat. § 409.908. To peman total pou sèvis lopital pou pasyan entènè, sèvis lopital pou pasyan ekstèn, sèvis etablisman swen enfimiyè, oswa sèvis pratikan kalifye nan yon sant medikal akademik pa dwe depase to mwayèn komèsyal la. 42 C.F.R. § 438.6(c)(2)(iii). An jeneral, to sa a pi wo pase to peman Medicare a.	Nan eta ki pa elaji Medicaid yo, tankou Florid, seksyon sa a limite nouvo peman founisè yo pou yo pa depase 110 pousan to peman Medicare ki pibliye a (olye de to mwayèn komèsyal la). Sa ka dekouraje nouvo founisè ak founisè ki deja egziste yo pou yo aksepte pasyan Medicaid. Lwa a kenbe peman dirèk leta ki deja egziste yo, ki te apwouve anvan lwa a antre an vigè (eksepte pou eta ki ta elaji Medicaid pou premye fwa) jis janvyè 2028. Sa kreye yon anviwònman negatif pou Florid pa elaji Medicaid nan lavni. Anvigè 4 jiyè 2025.
Fon Pwogram Transfòmasyon Sante Riral (s. 71401)	Okenn	Yo apwopriye \$50 bilyon dola pou distribisyon pou bay eta yo chwazi pandan ane fiskal 2026–2030 (\$10 bilyon pa ane) pou amelyore swen sante pou moun k ap viv nan zòn riral yo. Mwatye nan \$50 bilyon dola a pral divize egal-ego ant tout eta ki gen aplikasyon yo apwouve. Lòt mwatye a prale jwenn eta ki apwouve selon pèfòmans ak nòt aplikasyon eta a. AHCA te mande opinyon founisè swen sante yo sou twa zòn priyorite: • Devlopman nouvo estrateji nan livrezon swen sante, ki gen ladan modèl peman altènatif ki amelyore aksè a swen epi ki adrese mank ki egziste yo (pa egzanp, livrezon swen sante mobil, estrateji peman ki baze sou valè, elatriye); • Adopsyon solisyon teknolojik ki ankouraje epi amelyore livrezon swen sante nan zòn riral yo, ki gen ladan solisyon ki anpeche epi/oswa jere maladi kwonik (pa egzanp, siveyans pasyan a distans, telesante, lopital lakay, elatriye); ak • Estrateji pou rekrite epi kenbe yon fòs travay nan klinik ki pou sèvi nan yon kominote riral pandan omwen senk (5) ane. CMS te pibliye yon Notice of Funding Opportunity konsènan pwogram sa a nan dat 15 septanm 2025, epi li te fikse dat limit pou aplikasyon eta yo nan 5 novanm 2025. AHCA te anonse li te soumèt aplikasyon eta a nan dat 4 novanm 2025.

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Anvigè an 2026

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Fen Finansman Federal Ogmantasyon pou Ekspansyon Medicaid (s. 71114)	Anplis 90 % fon federal ki mache ansanm ki disponib anba Lwa sou Swen Sante Abòdab (ACA) pou elajisman popilasyon an, Lwa Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan Act) bay eta ki kalifye yo (sa vle di eta ki pa t elaji Medicaid depi mas 2021), ki gen ladan Florid, yon ogmantasyon senk pousan (5 %) sou FMAP regilye yo pandan uit (8) trimès apre yon eta elaji Medicaid. To FMAP Florid pou ane 2025 la se 57.22 %. Gade KFF'S Federal Medical Assistance Percentage (FMAP) for Medicaid and Multiplier	Li eliminen ogmantasyon senk (5) pwen pousantaj sou to FMAP regilye a pou eta ki mete an aplikasyon elajisman Medicaid anba ACA apre mas 2021. Sa retire yon pati nan finansman federal siplemantè ki te deja ofri pou eta ki poko elaji Medicaid, ki gen ladan Florid. Sa kreye yon anviwònman negative pou Florid elaji Medicaid nan lavni. Anvigè janvyè 2026.
Elijibilite Imigran pou Medicaid ak KidCare (s. 71109)	“Etranje ki kalifye” kapab resevwa Medicaid ak KidCare nan Florid apre senk (5) ane rezidans Ozetazini. Sa yo enkli: rezidan pèmanan legal (LPR) granmoun ki te admèt apre 22 daout 1996; etranje yo libere sou kondisyon pou omwen yon (1) ane; kèk mari oswa madanm ak timoun ki viktim vyolans; epi moun ki antre sou lòt kondisyon . “Etranje ki Kalifye” sa yo ka enskri kounye a nan Medicaid ak KidCare san okenn peryòd atant senk ane: refijye; moun ki gen azil; moun yo te anpeche depòtasyon yo; veteran oswa militè an sèvis aktif, ansanm ak mari/madanm ak timoun yo; Endyen Ameriken ki fèt Kanada; antran kiben oswa Ayisyen; imigran Amerasyen; viktim trafik moun; epi moun k ap viv Ozetazini dapre yon kontra Asosyasyon Lib (Compact of Free Association - CoFA). Gade 8 U.S.C § 1641; gade tou Fla. Stat. §§ 409.902(2), 414.095(3); Fla. Admin. Code Ann. R. 65A-1. 705; 65A-1.701(58) ESS Program Policy Manual , seksyon 1440.0104 rive 1440.0113.	Li amande definisyon “etranje ki kalifye” ki elijib pou Medicaid ak KidCare pou enkli sèlman gwoup sa yo: 1. Rezidan pèmanan legal (LPR) (apre peryòd atant senk (5) ane); 2. Antran Kiben ak Ayisyen; ak 3. Moun k ap viv Ozetazini atravè yon Kontra Asosyasyon Lib (Compact of Free Association – CoFA). H.R. 1 pa t chanje opsyon ICHIA a; kidonk Florid ka kontinye kouvri timoun ki pa sitwayen men ki legalman prezan san okenn peryòd atant senk ane. Eta a kenbe opsyon an tou pou ofri kouvèti sa a bay fanm ansent, jan majorite eta yo deja fè. Anvigè oktòb 2026.

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Eta yo gen opsyon pou pèmèt timoun imigran ki legalman prezan ak fanm ansent enskri nan Medicaid ak CHIP. 42 U.S.C. § 1396b(v)(4)(a) (yo rele sa opsyon "ICHIA"). Florid chwazi opsyon sa a pou timoun, men pa pou fanm ansent. Kidonk, Florid pèmèt timoun ki pa sitwayen, men ki legalman prezan, ki gen mwens pase 19 an, enskri nan Medicaid ak KidCare san okenn atant senk ane. Gade Fla. Stat. § 409.811(17) ; Fla. Stat. § 409.904(6).

Imigran san papyè pa kapab resevwa Medicaid oswa KidCare. Gade Fla. Stat. § 409.902(2)(b); Fla. Admin Code R. 59G-1. 050(4)

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Anvigè an 2027

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Enskripsyon Doub (s. 71103)	Règleman Medicaid egzije pou eta yo regilyèman jwenn epi itilize enfòmasyon adrès ki mete ajou soti nan sous done ki fyab, ki gen ladan lapòs USPS ki retounen ak yon adrès transmisyon, (Bazdone Nasyonal Chanjman Adrès USPS (NCOA), enfòmasyon adrès ki soti nan antite swen jere Medicaid yo, ansanm ak lòt sous done Sekretè HHS la apwouve. Gade 42 C.F.R. §§ 435.919(f), 457.344(f). Kounye a, AHCA gen kontra avèk Allied Health Services pou trete lapòs ki retounen epi siveye Bazdone Nasyonal Chanjman Adrès la. Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 oktòb 2025, paj 14.	Li egzije pou plan chak eta prevwa yon pwosesis pou regilyèman jwenn enfòmasyon adrès moun ki enskri yo soti nan sous done ki fyab lalwa idantifye, pou anpeche menm moun nan enskri an menm tan nan plizyè eta. AHCA ap bezwen amande kontra li yo ak MCO yo pou egzije yo transmèt enfòmasyon adrès moun ki enskri yo. Anvigè janvyè 2027.
Moun ki te Enskri e Ki Mouri (s. 71104)	Direktiv CMS yo idantifye sous done pou konpare enskripsyon ak peman Medicaid ak enfòmasyon sou moun ki mouri, epi yo sijere pou eta yo fè revizyon done chak mwa.	Eta yo dwe fè verifikasyon, omwen yon (1) fwa pa trimès, pou idantifye benefisyè ki enskri yo ki mouri, lè yo itilize Fichye Mèt Lanmò Sekirite Sosyal la Eta a dwe retire nan pwogram nan benefisyè ki mouri yo, epi reyenskri nenpòt moun konsa si li vin detèmine pita ke yo te retire yo pa erè. Dapre Direktè Medicaid Florid la, AHCA ap mete an plas kounye a yon pwosesis pou itilize la pou detèmine si moun ki enskri yo mouri. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 oktòb 2025, paj 16. Anvigè janvyè 2027.
Pwoteksyon Medicaid ak KidCare Retroaktif (s. 71112)	Eta yo oblige bay kouvèti Medicaid retwoaktif pou twa (3) mwa anvan dat enskripsyon an. Dapre yon dispans federal, Florid Bay jiska twa (3) mwa kouvèti Medicaid retwoaktif sèlman pou fanm ansent ak timoun ki gen mwens pase 21 an. Gade Fla. Stat. § 409.904(12); gade tou Règleman Kòd Administratif Florid, Règ 65A-1.702(8). Florid pa bay kouvèti KidCare retwoaktif kounye a.	Li redwi dire kouvèti Medicaid retwoaktif ki pèmèt nan eta ki pa elaji Medicaid yo, ki gen ladan Florid, soti twa (3) mwa pou rive de (2) mwa. Nan Florid, sa pral afekte sèlman fanm ansent ak timoun ki gen mwens pase 21 an. Li limite tou kouvèti retwoaktif nan Pwogram Asirans Sante pou Timoun (CHIP) nan eta yo a de (2) mwa. Sa pral gen enpak sou Florid si eta a chwazi bay kouvèti retwoaktif pou moun ki enskri nan KidCare. Anvigè janvyè 2027.

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Egzijans Netralite Bidjè pou Egzansyon yo (s. 71118)	Sekretè a ka renonse a sèten egzijans Medicaid epi/oswa bay otorizasyon pou depans ki nòmalman pa kalifye pou ranbousman federal, pou pèmèt eta yo mennen pwojè eksperimental, pilòt, oswa demonstrasyon ki, dapre jijman Sekretè HHS la, gen anpil chans pou ede pwomouvwa objektif pwogram Medicaid la. 42 U.S.C. § 1315.	Sekretè HHS la pa ka apwouve yon dispans 1115, ni renouvèlman oswa amandman li, sòf si Aktè CMS la sètifye ke dispans lan pa pral ogmante depans federal yo konpare ak kantite depans ki ta egziste si pwojè a pa t fèt. AHCA prevwa ke sa pral lakòz plis reta nan apwobasyon nenpòt dispans 1115. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 Oktòb 2025, paj 29. Anvigè janvyè 2027.
Anvigè an 2028		
Founisè ki mouri (s. 71105)	Règleman Medicaid yo egzije pou eta yo verifye Dosye Lanmò Sekirite Sosyal la pou detèmine si founisè yo mouri. 45 C.F.R. § 455.436(b).	Eta yo dwe fè verifikasyon kont Dosye Lanmò Sekirite Sosyal la lè gen enskripsyon oswa re-enskripsyon, epi omwen yon fwa pa trimès pandan tout peryòd yon founisè oswa yon distribitè rete enskri, pou detèmine si founisè oswa distribitè ki enskri a mouri. Daprè Direktè Medicaid Florid la, Florid deja an konfòmite ak dispozisyon sa a. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 Oktòb 2025, paj 17. Anvigè janvyè 2028.
Limit sou Ekite Kay pou Swen Long Tèm (s. 71108)	Eta yo fikse limit valè ekite kay kòm yon pati nan detèminasyon elijiblite finansye pou Medicaid swen alontèm. Limit sa yo dwe tonbe ant yon minimòm ak yon maksimòm ki ajiste selon enfasyon. Gade 42 U.S.C. § 1396p(f). Daprè Updated 2025 SSI and Spousal Impoverishment Standards limit aktyèl yo se yon minimòm \$730,000 ak yon maksimòm \$1,097,000. Limit sa yo ajiste chak ane selon enfasyon. Nan Florid, limit aktyèl ekite kay la se \$730,000. Florid pa eskli pwopriyete ki klase pou agrikilti. Gade Fla. Admin. Code R. 65A-1.712(5).	Lwa sa a mete yon plafon sou limit ekite kay la a \$1 milyon, kèlkeswa enfasyon, epi li eskli kay ki sou sèten tè ki klase pou agrikilti. Florid pa oblije fè okenn chanjman dapre lwa sa a, men li ta ka deside si li vle ogmante limit ekite kay la epi etabli yon limit espesyal pou tè ki klase kòm agrikòl. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 Oktòb 2025, paj 19. Anvigè janvyè 2028.

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Peman ki Dirije pa Leta (s. 71116)	Tanpri gade pi wo a pou yon deskripsyon sou pòsyon Seksyon 71116 ki te vin an vigè lè yo te adopte l.	Lwa a egzije pou peman dirije pa eta yo ki deja egziste nan eta ki pa gen ekspansyon Medicaid, tankou Florid, diminye 10% chak ane jiskaske yo rive nan limit peman ki pèmèt la, ki se 110% pousantaj Medicare la. Daprè Direktè Medicaid Florid la, Florid genyen kounye a senk (5) pwogram peman dirije pa leta ki depase 110% pousantaj Medicare la. Konfòmite ak dispozisyon sa a pral diminye finansman pwogram sa yo apeprè \$3.8 milya (anviwon 42%) nan kòmansman ane 2030 yo. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 Oktòb 2025, paj 5–6. Anvigè janvyè 2028
Egzansyon ki baze sou kay la oswa sou kominote a (s. 71121)	Nan kad gwo direktiv federal yo, eta yo ka devlope dispans pou sèvis ki baze lakay ak nan kominote a (HCBS) pou reponn bezwen moun ki pito resevwa sèvis ak sipò swen alontèm lakay yo oswa nan kominote a, olye yo ale nan enstitisyon. Florid opere de (2) dispans HCBS prensipal: • Long-Term Care Waiver – sèvi moun ki gen plis pase 18 an, ki gen andikap oswa ki granmoun aje, epi ki bezwen yon nivo swen ki ekivalan ak sa yon etablisman enfimye bay. • Developmental Disabilities Individual Budgeting Waiver – sèvi moun ki gen andikap entelekyèl ak devlopmantral atravè yon modèl bidjè endividyèl. Florid opere twa (3) lòt dispans anplis, ak patisipasyon limite: • Model Waiver – sèvi timoun ki gen maladi spinòserebelè dejeneratif (5 moun enskri; kapasite 15). • Familial Dysautonomia Waiver – sèvi patisipan ki gen disotonomi famiyal (6 moun enskri). • Intellectual and Developmental Disabilities Comprehensive Managed Care Program Waiver – sèvi moun ki gen andikap devlopmantral atravè yon modèl swen jere (364 moun enskri depi 15 mas 2025, dapre analiz lejislatif sa a).	Lwa a kreye yon nouvo kalite dispans 1915(c) ki pa mande yon detèminasyon ke yon moun bezwen nivo swen enstitisyonèl. Eta yo ta dwe etabli kritè ki baze sou bezwen, epi kritè sa yo dwe jwenn apwobasyon Sekretè a. Anvigè Jiyè 2028.

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Kongrè a Adopte (H.R. 1)

Anvigè an 2029

Sijè	Lwa Anvan	Chanjman nan Lalwa
Enskripsyon Doub (s. 71103)	Tanpri gade pi wo a pou yon deskripsyon pati nan Seksyon 71103 ki antre an vigè an janvyè 2027.	Lwa egzije pou Sekretè HHS la etabli yon sistèm pou anpeche enskripsyon similtane nan plis pase yon pwogram Medicaid nan diferan eta. Eta yo dwe soumèt nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ak lòt enfòmasyon Sekretè a detèmine ki nesesè, omwen yon fwa pa mwa. Anvigè Oktòb 2029.
Rediksyon Peman pou Peman Anplis ki Fèt pa Erè (s. 71106)	Pou eta ki gen peman Medicaid ki fèt pa erè epi ki depase to erè ki pèmèt la, ki se 3%, Sekretè HHS la oblije diminye peman federal Medicaid yo pa kantite lajan ki depase baryè 3% sa a. Sepandan, Sekretè HHS la ka anile rediksyon sa a sou peman federal sa yo si eta a pa rive atenn to erè ki pèmèt la, malgre li fè tout efò li kapab.	Lwa a diminye kantite peman pa erè ki depase limit la ke Sekretè a ka anile anba “egzansyon an bon fwa” a. Anvigè Oktòb 2029

Dispozisyon ki pa Aplikab Nan Florid

Sijè	Eksplikasyon
Redetèminasyon Elijibilite Semeanyèl (s. 71107)	Kounye a, eta yo dwe re-detèmine elijibilite Medicaid chak ane oswa lè gen yon chanjman nan sitiyasyon yon moun ki enskri. Dispozisyon sa a egzije pou eta yo fè re-detèminasyon elijibilite chak sis (6) mwa pou moun ki enskri atravè ekspansyon Medicaid. Florid pa elaji Medicaid, kidonk dispozisyon sa a pa pral gen okenn enpak nan Florid sòf si epi jiskaske eta a deside elaji Medicaid epi li gen moun ki enskri atravè ekspansyon Medicaid. Anvigè janvyè 2027.
FMAP pou Medicaid ljans (s. 71110)	Gen kèk eta ki bay Medicaid ki finanse pa eta a pou imigran ki pa konsidere kòm “etranje ki kalifye”. Dispozisyon sa a diminye pati finansman federal la pou Medicaid ljans pou popilasyon ekspansyon an, soti 90% pou rive 80% nan eta sa yo. Paske Florid pa elaji Medicaid, dispozisyon sa a pa pral gen okenn enpak nan Florid sòf si epi jiskaske eta a deside elaji Medicaid. Anvigè Oktòb 2026.
Plafon sou Taks Founisè yo (s. 71115)	Dispozisyon sa a mete yon plafon sou taks founisè yo pou eta ki elaji Medicaid, a 5.5% nan ane fiskal 2028, epi li desann a 3.5% an 2032. Paske Florid pa elaji Medicaid, dispozisyon sa a pa pral gen okenn enpak nan Florid sòf si epi jiskaske eta a deside elaji Medicaid. Anvigè apati Septanm 2027

Kwonoloji chanjman nan Medicaid ak KidCare Florid yo akòz H.R. 1

Mizajou an Oktòb 2025



FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

Dispozisyon ki pa Aplikab Nan Florid

Sijè	Eksplikasyon
Kondisyon pou Egzansyon sou Egzijans Taks Founisè Inifòm yo (s. 71117)	Kounye a, dispans Medicaid leta yo konsènan taks sou founisè yo pa dwe “jeneralman redistribitif” ant revni Medicaid ak revni ki pa Medicaid. Dispozisyon sa a bay definisyon ki pi sevè sou ki lè yon taks sou founisè konsidere kòm “jeneralman redistribitif.” Pa egzanp, li entèdi pou aplike yon to taks ki pi wo sou founisè Medicaid ki gen gwo volim pase sou founisè Medicaid ki gen pi piti volim. Dispozisyon sa a pa gen enpak sou Florid, paske dispans Florid la konsènan taks sou founisè pou etablisman swen enfimye kalifye (skilled nursing facilities) deja konfòm ak egzijans seksyon sa a. Gade Presentation by AHCA to House Health Care Facilities & Systems Subcommittee, 8 Oktòb 2025, paj 8. Anvigè depi 4 Jiyè 2025.
Kondisyon Angajman Kominotè pou Moun ki Enskri nan Ekspansyon Medicaid la (s. 71119)	Kounye a, moun ki enskri nan Medicaid pa oblije rapòte aktivite travay. Dispozisyon sa a egzije pou moun ki enskri atravè ekspansyon Medicaid ranpli epi rapòte omwen 80 èdtan aktivite “angajman kominotè” ki kalifye (tankou travay, pwogram travay, sèvis kominotè, oswa pwogram edikasyon) pandan youn oswa plizyè mwa anvan yo aplike pou Medicaid, epi pandan youn oswa plizyè mwa kòm yon kondisyon pou kontinye resevwa kouvèti Medicaid. Paske Florid pa elaji Medicaid, dispozisyon sa a pap gen okenn enpak nan Florid sòf si epi jiskaske eta a elaji Medicaid. Anvigè an Janvyè 2027.
Egzijans Pataje Depans pou Popilasyon Ekspansyon an (s. 71120)	Kounye a, eta yo gen opsyon pou chaje prim ak pataj depans pou moun ki enskri nan Medicaid, byenke gen kèk gwoup moun ki egzante de pataj depans. Dispozisyon sa a egzije pou eta ki te elaji Medicaid enpoze pataj depans sou moun ki enskri nan ekspansyon Medicaid ki gen revni fanmi ki depase 100% nivo povrete federal la (FPL). Paske Florid pa elaji Medicaid, dispozisyon sa a pap gen okenn enpak nan Florid sòf si epi jiskaske eta a elaji Medicaid. Anvigè an Oktòb 2028.



Sources: Sous Yo

Center on Budget & Policy Priorities, [Medicaid Eligibility and Enrollment Rules Lay Framework for Program Improvements States Can Still Adopt, Despite Moratorium](#) (24 septam, 2025)

Congressional Research Service, [Health Coverage Provisions in One Big Beautiful Bill Act](#) (H.R. 1) (13 jen, 2025)

Georgetown Center for Children & Families, [Medicaid, CHIP, and Affordable Care Act Marketplace Cuts and Other Health Provisions in the Budget Reconciliation Law, Explained](#) (Mizajou 11 daout, 2025)

Justice in Aging, [Final Rule to Streamline Enrollment in Medicare Savings Programs](#) (30 oktòb, 2025)

KFF, [Health Provisions in the 2025 Federal Budget Reconciliation Bill](#) (Mizajou 8 jiyè, 2025)

National Health Law Program, [Budget Reconciliation Act Implementation Dates For Select Medicaid & Health Provisions](#) (13 daout, 2025)